

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun objék anu dikaji ku panalungtik anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta guguritan *Lagu Ngajadi* nu ditilik tina gaya basa rétoris kalayan di patalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi di kelas VIII SMP. Ari déskripsina ngawengku (1) wujud gaya basa rétoris dina guguritan *Lagu Ngajadi*, (2) wanda gaya basa rétoris dina guguritan *Lagu Ngajadi*, (3) ma'na gaya basa dina unggal guguritan *Lagu Ngajadi* i, (4) larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran. Anapon tatapakan tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori gaya basa dina konsép Gorys Kéraf. Satuluyna, ieu panalungtikan dilarapkeun jeung dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi guguritan di kelas VIII SMP. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kalawan téhnik talaah pustaka. Anapon instrumén anu digunakeun nyaéta daptar céklis jeung kartu data.

Wujud gaya basa nu kapaluruh dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* nyaéta aya 365 gaya basa rétoris. Gaya basa rétoris anu pangréana kapanggih nyaéta purwakanti. Purwakanti dina gaya basa rétoris kabagi jadi dua, nyaéta purwakanti laraspurwa jeung purwakanti maduswara.

Tina 365 gaya basa anu kapaluruh bisa dipasing-pasing jadi 10 wanda gaya basa, nyaéta: (1) purwakanti, purwakanti kabagi jadi dua nyaéta purwakanti laraspurwa kapanggih 152 gaya basa jeung purwakanti maduswara kapanggih 151 gaya basa; (2) gaya basa kadalon (*pleonasmé* jeung *tautologi*) kapanggih 28 gaya basa; (3) gaya basa rarahulan (*hiperbol*) kapanggih 16 gaya basa ; (4) gaya basa ébréhan (*perifrasis*) kapanggih 13 gaya basa; (5) gaya basa patalékan rétoris (*eritoris*) kapanggih 4 gaya basa; (6) gaya basa anastropa (*anastrof*) kapanggih 1 gaya basa; (7) gaya basa *apostrof* kapanggih 1 gaya basa; (8) gaya basa panandes (*paradoks*) kapanggih 2 gaya basa; (9) gaya basa *oksimoron* kapanggih 2 gaya basa; jeung (10) gaya basa rautan (*eufimisme*) kapanggih 5 gaya basa.

Sabada kapanggih gaya basa rétoris tuluy dipaluruh ma'na unggal gaya basa dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi*. Ma'na gaya basa dina kumpulan guguritan *Lagu Ngajadi* téh nyoko kana dua rupa ma'na gaya basa, nyaéta: (1) ma'na gaya basa basa sasaruuan, kapanggih 30 ungkara; jeung (2) ma'na gaya basa babandingan, kapanggih 9 ungkara. Tina 9 ungkara ma'na gaya basa babandingan, ngawengku 4 wanda, nyaéta: (1) ma'na gaya basa babandingan mijalma, kapanggih 3 ungkara; (2) ma'na gaya basa babandingan misato, kapanggih 2 ungkara; (3) ma'na gaya basa babandingan mituwuhan, kapanggih 1 ungkara; jeung (4) ma'na gaya basa babandingan mibarang, kapanggih 2 ungkara.

Patalina jeung bahan pangajaran, tétéla gaya basa rétoris dina guguritan *Lagu Ngajadi* téh nyumponan kana kritéria dina milih bahan ajar numutkeun konsép Nasution . Ajén-inajén anu hadé pikeun ngawangun karakter siswa. Ku kituna, guguritan *Lagu Ngajadi* bisa dijadikeun bahan ajar di kelas VIII SMP.

5.2 Implikasi

Panalungtikan gaya basa rétoris dilarapkeun pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP. Salian ti pikeun ngajembaran élmu pangaweruh anu patali jeung gaya basa, ieu panalungtikan ogé miboga tujuan sangkan siswa mampuh nganalisis karya sastra utamana guguritan saluyu jeung kaédah-kaédahna.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran. **Saran pikeun mahasiswa**, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi bacaeun hususna ngeunaan gaya basa rétoris. **Saran pikeun panalungtik satuluyna**, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyosok jero, lantaran bisa nambahan kajembaran basa. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun panalungtik, tur sangkan bisa nalungtik gaya basa rétoris anu leuwih nyosok jero. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtikan séjénna anu aya patalina jeung guguritan *Lagu Ngajadi*. **Saran pikeun guru** nyaéta dipiharep ieu panalungtikan

bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan ajar di sakola hususna kelas VIII SMP.